

Itilize Sibvansyon FEMA pou depans ki gen rapò ak katastwòf

Release Date: Mar 21, 2025

Release Number: 038

FEMA raple rezidan North Carolina ki te resevwa asistans federal pou katastwòf pou Tanpèt Twopikal Helene pou yo sèvi ak lajan an pou objektif ki te fikse a epi pou yo kenbe resi yo pandan twazan.

Asistans pou katastwòf yo gen entansyon pou ede rezidan yo peye pou nesesite debaz yo pèdi akòz dezas la. Yon lèt ki eksplike poukisa yo dwe itilize peman ap rive tousuit apre peman chèk oswa depo dirèk la. Gen kèk depans ki elijib yo ka gen lajan atik tankou:

Reparasyon pou fè yon kay san danje, sanitè ak vivab.

- Asistans pou lokasyon pou peye tanporèman pou yon kote pou rete.
- Reparasyon oswa ranplasman yon veyikil esansyèl ki andomaje nan katastwòf.
- Swen medikal pou yon aksidan ki te koze pa katastwòf la.
- Lajan pou ede peye pou antèman oswa re-antèman katastwòf la te koze.
- Ranplase rad, zouti okipasyonèl ak materyèl edikatif.
- Depans pou demenaje ak estoraj ki gen rapò ak katastwòf la.

Si aplikan yo depanse peman an pou yon lòt bagay ot ke objektif ki te fikse a, yo ka refize yo asistans pou katastwòf nan lavni. Nan kèk ka, FEMA ka mande pou yo retounen lajan an

Yo ankouraje moun k ap resevwa asistans pou yo kenbe resi pou depans yo pou katastwòf yo pandan twazan pou dokimante lajan yo te itilize pou fè fas ak depans ki gen rapò ak katastwòf yo. Si w resevwa yon règleman asirans pou kouvri menm depans yo, ou dwe ranbouse FEMA. Odit yo fèt pou konfime ke lajan yo te depanse komsadwa.



FEMA

Page 1 of 1